



## Règ pou "Manje avèk Chen": Sa Restoran yo Dwe Konnen

Restoran yo gendwa pèmèt chen nan salamanje anplennè yo si gen sèten règ ki respekte. "Salamanje anplennè" vle di nenpòt zòn deyò kote kliyan yo manje, restoran an ap jere epi kontwole. Nan pamie egzanp yo genyen kafe sou twotwa ki pa bare, lakou dèyè ak patyo. Men sa ou dwe konnen konsènan règ la:

### **Restoran yo pa oblige pèmèt chen konpanyon nan salamanje anplennè yo.**

Sepandan, sa pa chanje règleman yo pou chen sèvis yo. San konsidere si ou pèmèt chen konpanyon nan salamanje anplennè ou an, ou dwe aksepte pou chen sèvis yo—ansanm ak chen gid ak chen pou malantandan yo—akonpaye mèt yo nan tout zòn nan restoran an ki pou kliyan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou aranjman pou chen sèvis yo, ale nan [nyc.gov/health/foodservice](http://nyc.gov/health/foodservice) epi chwazi "Health Code / Regulations" (Kòd Sante/Règleman yo) nan ba navigasyon an sou bò goch.

**Si w chwazi aksepte chen konpanyon nan salamanje anplennè restoran ou a, ou dwe respekte mezi yo ki anba a.**

### **Chen yo dwe antre nan salamanje anplennè a dirèkteman apati deyò.**

Chen yo pa dwe antre nan salamanje anplennè a anpasan pa anndan restoran an oswa nenpòt lòt kote yo estoke oswa prepare manje.

### **Mete baryè oswa sèvi ak lòt metòd pou mete limit nan kontak ant chen yo avèk moun epi chen ki sou twotwa a.**

Si salamanje anplennè a akote yon twotwa, ou dwe mete yon baryè oswa ou gen yon lòt fason pou mete limit nan kontak ant chen nan restoran an ak moun ki sou twotwa a. Sèvi ak yon baryè oubyen lòt metòd ki limite aksè yon chen epi ki bloke l pou l pa wè twotwa a. Pa egzanp, mete yon baryè kafe avèk poto (ba an travè oswa poto pou anpeche twòp mouvman) nan fwontyè kafe a, oswa mete gwo po plant kòtakòt nan limit deyò salamanje anplennè a.



### **Prepare tout manje ak estoke istansil yo andedan.**

Si ou pèmèt chen nan salamanje anplennè yo, pa prepare manje ak bwason nan zòn sa yo. Estoke istansil yo andedan. Sepandan, travayè yo gendwa replen bwason avèk yon po oubyen lòt vesò nan salamanje anplennè yo.

### **Afiche yon ekrito nan antre salamanje anplennè a.**

Ekrito a dwe gen tèks ann apre a ann Anglè:

- Companion dogs are only allowed in certain outdoor dining area(s) of this establishment (Yo aksepte chen konpanyon yo sèlman nan kèk salamanje anplennè (yo) nan etablisman sa a).
- Only service dogs are allowed in other parts of this establishment (Se chen sèvis yo sèlman yo otorize nan lòt pati nan etablisman sa a).
- Your companion dog must be licensed and currently vaccinated against rabies to remain in the outdoor dining area with you (Pou chen konpanyon ou a rete nan zòn salamanje anplennè a avèk ou, li dwe gen lisans epi vaksinen nan moman an kont laraj).
- You are responsible for controlling your dog at all times (Ou responsab pou ou kontwole chen ou a pandan tout tan sa yo).



Restoran yo responsab pou yo kreye ak afiche pwòp ekrito pa yo. Ekrito yo pa obligatwa nan restoran ki chwazi pou pa aksepte chen konpanyon nan salamanje deyò yo.

**Asire w, pwopriyetè chen yo kontwole chen yo nan salamanje anplennè a.**

Chen yo dwe nan distans longè bra pwopriyetè yo, epi swa nan yon bagay pou pote chen oswa nan yon kod pwopriyetè a kenbe oswa mare nan pye tab la oswa chèz la.

**Asire w, chen yo rete atè epi yo pa nan koulwa yo.**

Chen yo pa otorize pou yo moute sou chèz, ban, kote pou chita oswa lòt mèb. Chen yo pa ka kanpe oswa chita nan koulwa yo.

**Si ou bay chen yo manje ak dlo, sèvi yo nan yon vesò jetab ki pou itilize yonsèl fwa.**

Chen pa ka manje nan asyèt oswa bòl yo bay kliyan yo. Chen yo dwe manje ak bwè sèlman nan vesò jetab ki pou itilize yonsèl fwa.

**Pa kite anplwaye karese oswa jwe ak chen yo.**

Moun k ap travay nan manje pa gen dwa manyen chen yo, men si yo fè sa, yo dwe lave men yo avèk savon ak dlo touswit.

**Mande pou kliyan yo pou yo retire chen ki menasan oswa agresif yo nan restoran an.**

Restoran an dwe sispann sèvi kliyan an si li refize retire chen an.

**Rele 911 touswit si yon chen mode oswa fè yon moun mal.**

Yo dwe rapòte chen ki mode moun tou bay Depatman Sante NYC a nan 24 èdtan. Rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health/reportanimalbite](http://nyc.gov/health/reportanimalbite) pou fè rapò konsènan chen ki mode moun.

Lè w ap rapòte yon chen ki mode moun, yon restoran dwe mete:

- Non mèt chen an, adrès ak nimewo telefòn
- Nimewo lisans chen an
- Non, adrès ak nimewo telefòn viktim chen an mode a

**Anplwaye yo dwe netwaye twalèt chen ki nan salamanje anplennè yo.**

Travayè restoran yo ki pa nan prepare oswa sèvi manje dwe netwaye pipi, poupou, vomi chen ak nenpòt lòt likid oswa solid, epi yo dwe dezenfekte zòn yo touswit.

**Yo pa aksepte lòt kalite bòt nan salamanje anplennè yo.**

Lòt bòt ki pa chen pa kapab nan salamanje anplennè a, epi se chen sèvis sèlman ki ka antre nan zòn andedan restoran an.

**Restoran ki pa respekte mezi sa yo kapab resevwa yon avi vyolasyon, ki gen ladan yon amann ki ka rive jouk nan \$250.** Toudepan ki kalite enspeksyon, vyolasyon an ka afekte klas enspeksyon restoran an tou.

Restoran ki aksepte chen konpanyon nan salamanje anplennè yo ka gen règleman anplis. Lòt règleman yo ka gen ladan kantite chen pou pi plis yo pèmèt yon sèl kou, gwochè ak ras chen yo aksepte ak seksyon nan salamanje anplennè a kote kliyan ki gen chen kapab chita.

Pou li règ "manje avèk chen" an, ale sou sitwèb [nyc.gov/health/foodservice](http://nyc.gov/health/foodservice).